# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु बनारस से किसान सम्मान निधि क बीसवां किस्त जारी कइलें अउर देस भर क नौ करोड़ सत्तर लाख से बेसी किसानन क बैंक खाता में सोझे बीस हजार पांच सौ करोड़ रूपिया ट्रांसफर कइलें। श्री मोदी बाइस सौ करोड़ रूपिया क बावन विकास परियोजनन क नेइ धइलें अउर लोकारपण कइलें आ बुजुरूग लोगिन अउर दिव्यांगजन के सहायक उपकरणो बटलें। येह मौका पर प्रधानमंत्री एगो जनसभा के सम्बोधित करत काशी से आपन बिसेस जुड़ाव क बाति कहलें। उहां के कहलीं कि सरकार लगतारे किसानन बदे कार कै रहलि हौ।

***दो हजार करोड़ रुपए से ज्यादा की विकास परियोजनाओं का लोकार्पण और शिलान्यास भी हुआ है। बाबा के आशिर्वाद से काशी में विकास की अविरल धारा मां गंगा के साथ–साथ आगे बढ़ रही है। मैं आप सभी को देश के किसानों को बहुत–बहुत बधाई देता हूं। आज यहां एक विराट किसान उत्सव का आयोजन हो रहा है। देश के दस करोड़ किसान भाईयों–बहनों के खातों में 21 हजार करोड़ रुपए पीएम किसान सम्मान नीधि के रूप में भेजे गये हैं और जब काशी से धन जाता है ना वो तो अपने आप प्रसाद बन जाता है।***

प्रधानमंत्री बतवलें कि पीएम किसान सम्मान निधि की ओरि से नब्बे हजार करोड़ रूपिया उत्तर प्रदेस क अढ़ाई करोड़ किसानन के अउर नौ सौ करोड़ रूपिया काशी क किसानन के दीहल गइल हौ। प्रधानमंत्री बतवलें कि सरकार किसानन बदे एगो नया योजना पीएम धन धान्य योजनो सुरू कइले हौ। येह योजना में चउबीस हजार करोड़ रूपिया खरच कइल जाई।

श्री मोदी कहलें कि मौसम हमेसा किसानन बदे एगो चुनौती रहल हौ, येह बदे प्रधानमंत्री फसल बीमा योजना में अबले किसानन के पौने दुइ लाख करोड़ रूपिया क क्लेम दीहल जा चुकल हौ।

येह मौका पर प्रधानमंत्री आतंकवाद के खिलाफ चलावल गइल ऑपरेसन सिंदूर क जिकिरि करत कहलें कि एक सौ चालीस करोड़ लोगिन क एकता अउर सक्ति के नाते ऑपरेसन सिंदूर सफल भइल।

***आज मैं ऑपरेशन सिंदूर के बाद पहली बार काशी आया हूं। काशी के मेरे मालिकों मैंने अपनी बेटियों के सिंदूर का बदला लेने का जो वचन दिया था, वो पूरा हुआ है। ये महादेव के आशीर्वाद से ही संभव हुआ है। मैं ऑपरेशन सिंदूर की सफलता को उनके चरणों में समर्पित करता हूं।***

जनसभा में प्रधानमंत्री क स्वागत करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि श्री मोदी क अगुआई पूरा दुनिया में स्वीकार कइल जा रहल हौ।

**आदरणीय प्रधानमंत्री जी दुनिया के सबसे लोकप्रिय राजनेता हैं। आपने देखा होगा इसलिए ग्यारह वर्ष में दुनिया के चार दर्जन से अधिक देशों ने अपना सर्वोच्च नागरिक सम्मान आदरणीय प्रधानमंत्री जी को समर्पित किया।**

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री के अगुआई में ऑपरेसन सिंदूर में पूरा दुनिया नया भारत क ताकत के देखले हौ। उहां के कहलीं कि पछिला इग्यारह बरिस में प्रधानमंत्री के अगुआई में किसानन बदे कई योजना सुरू कइल गइल हौ।

**********

अजोध्या क डोगरा रेजिमेंट सेंटर में पांच अगस्त से अग्निवीर भरती सुरू हो रहलि हौ, जवन अठारह अगस्त ले चली। डोगरा रेजिमेंटल ग्राउंड में अग्निवीर भरती रैली में हिस्सा लेवे वाले ओम्मेदवार पहिलहीं ऑनलाइन सामान्य प्रवेस परीक्षा पास कइ चुकल हवें अउर अब सारीरिक परीक्षण में उनकर मूल्यांकन कइल जाई। येह भरती रैली में पांच अगस्त के अमेठी अउर कौशाम्बी, छौ अगस्त के रायबरेली, सात अगस्त के प्रतापगढ़, आठ अगस्त के अजोध्या अउर सिद्धार्थनगर, नौ अगस्त के प्रयागराज, दस अगस्त के सुल्तानपुर अउर बस्ती, ग्यारह अगस्त के अम्बेडकरनगर अउर महराजगंज, बारह अगस्त के संतकबीरनगर अउर कुशीनगर क ओम्मेदवार हिस्सा लीहें।

**********

चुनाव आयोग बूथ स्तर क अधिकारियन–बीएलओ क मेहनताना दुगुना कइ दिहले हौ अउर ओटर लिस्टि तइयार करे आ पुनरीक्षण कार में सामिल बीएलओ पर्यवेक्षकन क मेहनतानों बढ़ा दिहले हौ। चुनाव आयोग एगो बेयान में कहले हौ कि संसोधित ढांचा के हिसाबि से बीएलओ क सलाना मेहनताना छौ हजार रूपिया से दुगुना कइ के बारह हजार रूपिया कइ दिहल गइल हौ।

**********

प्रदेस क कई जिलन में रूकि–रूकि के हो रहल बरखा के नाते कई नदियन क जलस्तर बढ़े लागल हौ। बनारस में गंगा क जलस्तर तीनि सेंटीमीटर प्रति घंटा के रफ्तार से बढ़ि रहल हौ जबकि मिर्जापुर में गंगा नदी खतरा क चीन्हा के लग्गे पहुंचि गइल हौ। प्रयागराजो में गंगा अउर जमुना क जलस्तर बढ़ि गइल हौ। एइजा बड़े हनुमान मंदिर क गर्भगृह में पानी पहुंचि गइले से मंदिर क कपाट बन्न कइ दिहल गइल हौ। येह बिच्चे मौसम विभाग प्रदेस क कई हिस्सन में तीनि दिन बदे गरज–चमकि के साथे बरखा क अलर्ट जारी कइले हौ।

**********